


Kijan pou w deplase odyans imigrasyon w nan yon lòt tribinal (Chanje lokal odyans ou a)

(How to Move Your Immigration Hearing to a Different Court (Change Your Venue))



Fèy enfòmasyon sa a pale sou fason pou w mete odyans imigrasyon w nan yon lòt tribinal. Yo rele sa tou "chanje lokal ou a (changing your venue)." Li PA ede w rapòte yon chanjman adrès bay tribinal la. Ou **dwe** fè sa si ou deplase. LawHelpMN gen yon fèy enfòmasyon pou ede w rapòte yon chanjman adrès.

Ale sou: [LawHelpMN.org](https://www.lawhelpmn.org)



Pou li fèy enfòmasyon sa a nan lang angle oswa yon lòt lang, ale vizite: [LawHelpMN.org](https://www.lawhelpmn.org)



Fèy enfòmasyon sa a te devlope an kolaborasyon ak Immigrant Law Center of Minnesota, Mid-Minnesota Legal Aid, Southern Minnesota Regional Legal Services, The Advocates for Human Rights, ak Volunteer Lawyers Network. Li te sipòte pa finansman Depatman Sèvis Imen Eta Minnesota.



Si w deside chanje lokal ou a

Ki sa yon lokal (venue) ye?

Yon lokal se tribinal la kote ou ale pou odyans imigrasyon ou yo. Si ou gen yon odyans pwograme, sa vle di ou gen yon lokal pou ale.

Kouman pou mwen konnen ki kote lokal (tribinal) odyans mwen an pral fèt?

Avi odyans ou a ka genyen yon lè, dat ak kote pou odyans ou a. Ou ta dwe konfime enfòmasyon odyans ou pa telefòn oswa sou Entènèt.



Pa telefòn. Rele liy gratis EOIR a nan **1-800-898-7180**. Antre A Nimewo oswa yo trele l tou "Nimewo Enskripsyon Etranje" ou. (Ale sou immigrationhelp.org pou jwenn A Nimewo ou a.) Sèvi ak meni opsyon pou tcheke dat ak lè odyans ou a. Liy dirèk la an angle ak panyòl. Pouse 2 pou èd nan lang panyòl.



Sou entènèt: Ale sou acis.eoir.justice.gov. Antre A-Nimewo ou. Gade "Next Hearing Information" (Enfòmasyon sou Pwochen Odyans) ak "Court Contact Information" (Enfòmasyon pou Kontakte Tribinal la).

Tcheke pou tout moun nan fanmi w ki gen yon A Nimewo. Pafwa odyans yo pwograme nan jou diferan pou diferan ka yo menm si odyans yo se pou manm nan menm fanmi an.

Poukisa mwen ta chanje lokal mwen an?

Ou kapab **sèlman** chanje lokal ou si w deplase.



Egzanp: Pedro te deplase nan yon nouvo eta (pwovens).

Pedro te viv nan Massachusetts. Odyans imigrasyon li yo te pwograme nan yon tribinal nan Massachusetts. Pedro demenaje pou ale Minnesota pou l viv ak sè li. Li vle fè odyans li yo nan yon tribinal nan Minnesota.

Èske mwen bezwen ale nan odyans mwen an si mwen demenaje ale nan yon lòt eta?



Wi! Si ou rate yon odyans pou nenpòt rezon, **jij la ka bay lòd pou yo depòte w**. Lè sa a, ou gen risk pou yo depòte w nenpòt ki lè. Menm si ou deplase, ou **dwe** toujou ale nan tout odyans pwograme w yo. Ou dwe ale menmsi yo pa nan eta kote w abite a. Gen kèk tribinal ki pèmèt ou patisipe nan odyans ou pa telefòn oswa videyo. Ou ka tcheke si tribinal ou a ap pèmèt ou patisipe nan telefòn oswa videyo nan: [justice.gov/eoir/find-immigration-court-and-access-internet-based-hearings](https://www.justice.gov/eoir/find-immigration-court-and-access-internet-based-hearings).

Èske mwen oblije chanje lokal mwen an si mwen deplase?

Non. Ou ka chwazi chanje lokal ou a, men ou pa oblije. Ou ka chwazi tou pou kenbe lokal orijinal ou.



Egzanp: Pedro pa vle chanje tribinal li a.

Pedro demenaje pou ale Minnesota pou l viv ak sè li. Men, li vle kenbe odyans li yo nan tribinal la nan Massachusetts. Pedro ka fè sa, men li dwe ale nan odyans li nan Massachusetts.

Kouman pou mwen decide si mwen ta dwe chanje lokal mwen an?

Si w deplase nan yon nouvo eta, ou ka chanje lokal ou a pou odyans ou yo nan yon tribinal ki pi pre kote w ap viv la. Men, gen de rezon ou ta ka **pa** vle chanje lokal ou a.

1. **Ou ka patisipe nan odyans yo sou entènèt la.** Gen kèk tribinal ki pèmèt ou patisipe nan odyans ou yo pa videyo sou yon òdinatè, telefòn oswa tablèt. Si tribinal kote w ye kounye a pèmèt ou patisipe nan videyo, ou ta ka kenbe menm lokal la. Epi ou pa ta oblije vwayaje pou odyans ou yo. Ou ta ka chwazi pa chanje lokal ou a pou kenbe bagay yo senp. Si ou vle asiste odyans ou pa videyo, rele tribinal ou a epi mande si jij ou a bezwen ou voye nenpòt papye espesyal.

2. **Jij ki plase nan ka w la gen yon bon dosye anfavè imigran yo.** Ou ka gade konbyen fwa chak jij imigrasyon nan chak eta bay azil. (Ale sou: trac.syr.edu/immigration/reports/judgereports/). Si jij ou a bay azil anpil, li ka pi bon pou w rete ak jij sa a. Si w deside kenbe ka w la nan lokal orijinal la, asire w ke w ka patisipe nan odyans yo pa videyo. Si **non**, ou bezwen vwayaje pou odyans ou pou rete nan tribinal sa a.

Kisa k ap pase si jij la refize demann mwen an pou chanje lokal mwen an?

Ou dwe ale nan odyans ou yo nan tribinal orijinal la ki nan avi odyans ou a. Ou dwe ale menmsi yo pa nan eta kote w abite a. Gen kèk tribinal ki pèmèt ou patisipe nan odyans ou pa telefòn oswa videyo. Mande tribinal la si ou kapab patisipe nan telefòn oswa videyo. Si w pa patisipe nan odyans ou a, jij imigrasyon an ka bay lòd pou yo retire w *in absentia* (san ou pa prezan). Sa vle di yo ka depòte ou nenpòt ki lè.

Si mwen mande pou chanje lokal mwen an, èske sa otomatikman mete adrès mwen an ajou nan tribinal la?

Non. Li ta ka sanble dwòl paske ou oblije voye prèv tribinal nouvo adrès ou a lè ou mande pou chanje lokal ou a. **Men, sa pa chanje adrès ofisyèl ou ki nan dosye tribinal la.** Pou chanje adrès ou ak tribinal la, ou dwe ranpli yon fòm apa (fòmilè EOIR-33). Li se yon bon lide pou mete ajou adrès ou ak tribinal la an menm tan ou mande pou chanje lokal ou. LawHelpMN gen yon fèy enfòmasyon pou ede w rapòte yon chanjman adrès. Ale sou: lawhelpmn.org/self-help-library/fact-sheet/reporting-change-address-immigration-court



Pwosesis pou chanje lokal ou a

Kouman pou mwen mande chanje lokal mwen an?

Gen 5 etap pou chanje lokal ou a.



Ranpli yon demann pou chanje lokal odyans lan.

Enstriksyon ak egzanp yo nan seksyon "Sample Motion to Change Venue" nan fèy enfòmasyon sa a. Eskane kòd QR la pou w ka jwenn yon kopi blanch pake demann pou chanje lokal odyans lan oswa ale sou:

[lawhelpmn.org/sites/default/files/2024-07/Blank Change of Venue Packet.pdf](http://lawhelpmn.org/sites/default/files/2024-07/Blank%20Change%20of%20Venue%20Packet.pdf)



Fè trwa kopi demann nan. Sere yon kopi demann an.

Voye bay tribinal aktyèl ou a yon kopi demann nan.

Ou ka jwenn non ak adrès tribinal aktyèl ou a lè w tcheke kote odyans ou a pwograme. Sèvi ak enstriksyon yo nan senkyèm etap.

KATRYÈM ETAP



SENKYÈM ETAP



Voye yon kopi demann nan pa lapòs bay avoka gouvènman an.

Nan odyans imigrasyon ou a, se travay ou pou pwouve yo pa ta dwe depòte w. Se travay avoka gouvènman an pou pwouve yo ta dwe depòte. Avoka gouvènman an bezwen konnen si ou vle chanje lokal ou a. Avoka gouvènman an ap travay nan Biwo Konseye Legal Prensipal la (OPLA). Adrès biwo OPLA a diferan de adrès tribinal la. Pou jwenn adrès biwo OPLA a pou poste demann ou a:

- **Rele tribinal kote odyans ou a pwograme a.** Di yo ou ap eseye ranpli yon demann pou chanje lokal odyans lan. Mande non ak adrès biwo OPLA ki te plase nan tribinal ou a.

Tcheke pou asire w ke lokal ou a fin chanje.

Tribinal la ap voye yon lòd pou ou pa lapòs (yon papye ofisyèl) ki di si wi ou non yo te akòde demann ou an. Ou ka rele oswa tcheke sou Entènèt tou pou w wè si w gen yon odyans ki pwograme nan tribinal imigrasyon w te chwazi a. Y ap di w dat, lè, ak kote odyans ou a. Si lokal ou a chanje, nouvo tribinal ou a ap parèt nan dokiman lan.

- **Pa telefòn.** Rele liy gratis EOIR a nan **1-800-898-7180**. Antre A Nimewo oswa yo trele l tou "Nimewo Enskripsyon Etranje" ou. (Ale sou immigrationhelp.org pou aprann kijan pou jwenn A-Nimewo w la.) Sèvi ak meni opsyon pou tcheke dat ak lè odyans ou a. Liy dirèk la an angle ak panyòl. Pouse 2 pou èd nan lang panyòl.
- **Sou entènèt:** Ale sou : acis.eoir.justice.gov. Antre A-Nimewo ou. Gade "Next Hearing Information" (Enfòmasyon sou Pwochen Odyans) ak "Court Contact Information"(Enfòmasyon pou Kontakte Tribinal la).



Egzanp demann pou chanje lokal odyans lan

Kisa mwen bezwen voye ak demann mwen an pou chanje lokal la?

Gen 5 bagay ou bezwen voye ak demann ou pou chanje lokal la. **Chak pati dwe dwe ranpli nan lang angle.**

1. **Fèy apèsi (cover sheet) a.** Sa fè tribinal la konnen ki moun ou ye, ki kote ou te deplase, ak lokal kote odyans ou a pwograme pou kounye a.
2. **Demann lan.** Sa fè tribinal la konnen vil ak eta kote ou vle mete odyans lan. Li di tou poukisa ou vle deplase odyans ou.
3. **Lòd lan.** Sa a se yon fòm tribinal la pral ranpli epi voye tounen ba ou. Se konsa tribinal la pral di w si demann ou an te apwouve.
4. **Sètifika sèvis lan.** Sa fè tribinal la konnen ki lè ak ki jan ou voye yon kopi demann an bay avoka gouvènman an.
5. **Prèv nouvo adrès, si w genyen li.** Sa a se yon kopi yon dokiman ki montre ou rete nan nouvo adrès ou a. Pa egzanp, ou ka voye yon kopi yon bòdwo sèvis piblik, yon kontra lokasyon, oswa yon dokiman ki soti nan nouvo lekòl pitit ou a. Dokiman an dwe montre non w ak nouvo adrès ou.

Èske gen yon fòm oswa yon kopi demann blanch ke mwen ka ranpli?

Jwenn yon kopi blanch demann sa a nan: [lawhelpmn.org/sites/default/files/2024-07/Blank Change of Venue Packet.pdf](http://lawhelpmn.org/sites/default/files/2024-07/Blank%20Change%20of%20Venue%20Packet.pdf)

Sèvi ak egzanp ki nan fèy enfòmasyon sa a pou ede w ranpli fèy apèsi, demann, lòd, ak prèv sèvis la. Pa gen yon fòm pou prèv adrès la. Fè yon kopi dokiman prèv adrès ou a. Mete li ak lòt fòm yo.

MOTION TO CHANGE VENUE: EGZANP FYÈ APÈSI

Your Name: Ekri prenon ou epi non siyati

Your Address: Ekri nouvo adrès ou

UNITED STATES DEPARTMENT OF JUSTICE
EXECUTIVE OFFICE FOR IMMIGRATION REVIEW
IMMIGRATION COURT

City and State: Ekri vil ak eta tribinal imigrasyon w kote li ye kounye a

In the Matters of:

Ekri prenon ou epi non
siyati apre li la
(Your Name)

File No.: A Ekri Nimewo A ou isit la
(Your Alien Registration Number)

Ekri prenon epi non siyati pitit ou oswa mari
(Name)

File No.: A Ekri Nimewo A pitit ou oswa mari oswa
(Alien Registration Number)

Ekri prenon epi non siyati pitit ou oswa
(Name)

File No.: A Ekri Nimewo A pitit ou oswa mari oswa
(Alien Registration Number)

Make pati sa a sèlman si w gen yon mari oswa madanm oswa yon timoun ki enkli nan dosye

Immigration Judge: Ekri non jij imigrasyon w lan

Next Hearing Date: Ekri dat odyans ou a. Si ou pa gen yon odyans pwograme, ekri "none" oswa "N/A."

RESPONDENT'S MOTION TO CHANGE VENUE

RESPONDENT'S MOTION TO CHANGE VENUE

Respondent Ekri prenon ou epi non siyati, moves this Honorable Court to change the venue of his/her removal proceedings from Ekri vil ak eta tribinal imigrasyon aktyèl w a to the immigration court in Ekri vil la ak eta tribinal la toupre nouvo adrès ou a.

Respondent seeks this change of venue pursuant to 8 CFR § 1003.20. In support of this motion, I state as follows:

- Ekri ke ou deplase.
- Mande pou w deplase ka w la soti nan tribinal imigrasyon ou ye kounye a nan yon tribinal imigrasyon toupre nouvo adrès ou a.
- Ou kapab tou di poukisa li ta difisil pou ou retounen nan tribinal imigrasyon kote ou ye kounye a pou odyans ou.
- Ekri deklarasyon sa a nan lang angle.

Respectfully,

Siyen non ou

(Signature)

Ekri prenon ou epi non siyati apre li la

(Name)

Ekri dat jodi a

(Dated)

MOTION TO CHANGE VENUE: EGZANP LÒD

United States Department of Justice
Executive Office for Immigration Review
Immigration Court

Ekri vil ak eta tribinal imigrasyon aktyèl w a

[the court's location (city or town) and state]

In the Matter of: Ekri prenon ou epi non
siyati apre li la

Alien Number: Ekri Nimewo A ou

ORDER OF THE IMMIGRATION JUDGE

Upon consideration of the respondent's Motion to Change Venue, it is HEREBY ORDERED that the motion be **GRANTED** **DENIED** because:

- DHS does not oppose the motion.
- The respondent does not oppose the motion.
- A response to the motion has not been filed with the court.
- Good cause has been established for the motion.
- The court agrees with the reasons stated in the opposition to the motion.
- The motion is untimely per _____.
- Other:

Deadlines:

- The application(s) for relief must be filed by _____.
- The respondent must comply with DHS biometrics instructions by _____.

_____ Date

_____ Immigration Judge

CERTIFICATE OF SERVICE

This document was served by: Mail Personal Service Electronic Service

To: Respondent Respondent's C/O Custodial Officer Respondent's Atty/Rep DHS

Date: _____ By: Court Staff

Attachments: EOIR-33 EOIR-28 Legal Services List Other

Kite seksyon sa a blanch. Tribinal la pral ranpli pati sa a.

Ekri prenon ou epi non siyati apre li la

(Respondent's Name)

Ekri Nimewo A ou

(Respondent's Alien Number)

CERTIFICATE OF SERVICE

On Ekri dat jodi a, Ekri prenon ou epi non siyati apre li la,
(date) (printed name of person signing below)

served a copy of this Motion to Change Venue,

and any attached pages to Ekri "Office of the Principal Legal Advisor for DHS – ICE"
(name of party served)

at the following address: Ekri adrès biwo OPLA w la isit la
(address of party served)

by Ekri kijan w ap voye yon kopi bay avoka gouvènman an (biwo OPLA). Pa egzantp, "USPS priority mail."
(method of service, for example overnight courier, hand-delivery, first class mail)

Siyen non ou

(signature)

Ekri dat jodi a

(date)

Fèy Ransèyman yo se enfòmasyon legal PA konsèy legal. Kontakte yon avoka pou konsèy.

Pa sèvi ak fèy enfòmasyon sa a si dat li gen plis pase 1 an. Mande nou pou mizajou, yon lis fèy ransèyman, oswa lòt fòma.

© 2025 Minnesota Legal Services Coalition. Yo ka repwodui dokiman sa a epi itilize l pou rezon pèsònèl ak edikasyon ki pa komèsyal sèlman. Tout lòt dwa rezève. Avi sa a dwe ekri sou tout kopi yo. Repwodiksyon, distribisyon, ak itilizasyon pou rezon komèsyal yo entèdi.